# *POEM*

**By George Matsengarwodzi**

## ZVINODA KUBATWA NEZACC

Muchisoseresa nereMusasa sanzu,

Richikuva mariwaridza,

Rusoswa rweMusasa,

Muchiti masosa,

Chiriporipotyo pindikiti,

Rusoswa pwazhu, pwazhu,

Vatopinda patsu, patsu,

Dzimwe vodziya puti, puti,

Dzimwe tyorerei muchoto pwaka, pwaka,

Chinotyisa hapana hanya,

Sanzu haribaye, ishizha,

Tekeshe zvavo, tende.

Nhasi mazoziva, bengenu,

Rinobaya sanzu, zhuu,

Honzeri dziya, mwandanu,

Nokuti zvino yave minzwa,

Zvinoda kubatwa chete neveZACC,

Huori hwanga hwati chechetere,

Kunokora kuya hakuchisina chechetere,

Nemivo vakuru hamuone matambanukawo,

Nhasiwo mazorodzwa,

Nenyanzvi dzeZACC,

Tavakufambidzana neveZACC,

Zvinofamba kana iri minzwa yeZACC.

**Nyanduri ndiGeorge Matsengarwodzi kubva mubhuku rake rinonzi “Hoyo Mupengo….”**